Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого хур.
Инхоса ГІали-ХІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 11 (6993) 27 февраль 2026 с. Рузман Рамазан 1447 с. Багьа - эркенаб



ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

## Армиялде гІолилал ахІиялъул бицараб данделъи

### Бакълъулазул тІалъиги гІахьаллъана

**Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалипов росабазул бутІрузда цадахъ видеоконференциялдасан гІахьаллъана Дагъистаналъул бетІер Сергей Меликовас нухмалъи гьабураб армиялде гІолилал ахІиялъул комиссиялъул данделъиялда. Гьеб тадбиралда гьединго гІахьаллъана районалъул нухмалъулесул заместителал Сайпилав МухІамадов ва МухтарахІмад АхІмадов.**



Дандеруссиналда регионалъул бетІерас баян гьабуна рагъулаб хъулухъ борхизе тІадазул хъвай-хъвагІай гьабиялъул иш 98% тІубан бугин, амма гьеб рахъалъул хІалтІи жеги лъикІлъизабизе кколинги лъазабуна гьес.

Муниципалиял нухмалъулезда ва рагъулал, жанисел ишазул идарабазул вакилзабазда тІадкъана Меликовас армиялде ине гІурал, амма рахчуда ругезул бакІ лъазабиялъул хІалтІи рагІалде бахъинабиялде кІвар кьеян. Дагъистаналъул нухмалъулес ракІалде щвезабуна 2009-абилеб соналда гьарурал гражданазул хъвай-хъвагІай лъугІизабизе кколеблъи 25-абилеб марталде щвелелде.

Данделъиялъул ахиралда муниципалиял рагъулал комиссаразда лъазабуна гІадамазда гьоркьоб баянал гьариялъул хІалтІаби гІуцІиялде кІвар бусинабеян.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

## ГъутІби кІуриялъул къец гІуцІиялде бугеб хІадурлъиялъул халгьаби

### ЧІиркъатІе щвана районалъул хІаракатчагІи

**2026-абилеб соналъул 7-абилеб марталда ЧІиркъатІа завод бугеб мухъалда тІобитІизе буго «Дагъистан Республикаялъул бищун лъикІаб ах кІурулев» абураб республикаялъулаб конкурс. Гьеб гІуцІиялъул хІаракатчагІилъун ккола Бакълъул мухъалъул администрация, Дагъистан Республикаялъул росдал магІишаталъул ва кванил нигІматазул министерство, ЧІиркъатІа ва КІикІуни заводазул вакилзаби. ГІарцулаб кумек гьабулеб буго гьел заводал цІигьаризе хІаракат бахъарав сахаватчи Будун Будуновас.**



Муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов араб анкьалъ ЧІиркъатІе щвана ва конкурсалде хІадурлъи гьабиялъул халгьабуна. Гьесда цадахъ хІалтІулаб сапаралда гьединго рукІана заместитель МухтарахІмад АхІмадов, районалъул росдал магІишаталъул идараялъул нухмалъулев МухІамад ГІабдулхІалимов, «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев ХІамзат ГІизудинов, Будун Будуновасул вакил, «Агро-Тур Чирката» ОООялъул директор Ильяна ХІажиева ва цогидал.

Конкурсалъул жюриялда гъорлъ рукІине руго ДРялъул ФАНЦалъул, ДагГАУялъул махщалилал, тадбир берцин гьабизе буго художествиял церерахъиназ. Ахиралда районалъул администрациялъ ифтарги тІобитІизе буго.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**НурухІма МухІамадов: «Идарабазул нухмалъулездехун гьари буго жиндир заманалда отчётал, документал кьеян»**

- 2 гьум.



**ГьитІинал бакълъулазе паспортал кьуна**

- 2 гьум.



**Сапаралда ругезе – ифтар**

- 2- гьум.



**ЧІиркъатІаса Ражаб ГІабдулаев – мисалияв призывник**

-3- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗЕ ХЪУЛУХЪ ГЬАБИ

# НурухӀма МухӀамадов: «Идарабазул нухмалъулездехун гьари буго жиндир заманалда отчётал, документал кьеян»

### Пенсиял чӀезари, эбелалъулаб капитал кьей...

**Пенсиязда, эбелалъулаб капиталалда ва цогидал социалиял рахъазда хурхарал масъалаби кӀвар бугеллъун ккола гӀемерисел гӀадамазе. Пенсиялде аразда, ине заман щваразда ва цогидал суалазда тӀасан гара-чӀвари гьабуна нижеца Россиялъул бакълъулазул мухъалда бугеб социалияб фондалъул гӀадамазе хъулухъ гьабиялъул идараялъул нухмалъулев НурухӀма МухӀамадовасулгун.**



**-НурухӀма, нужеца 2025-абилеб соналъ гьабураб хӀалтӀул бицани бокьилаан.**

- Араб соналъ нижеца аслияб гьабураб хӀалтӀи букӀана пенсиязул ва пособиязул индексация гьаби: 2025-абилеб соналъул январалда 7,3% индексация гьабуна страховиял пенсиязул, февралалда 2,2%. Социалиял пособиязеги гьабуна индексация. 80 соналдаса тӀаде арал пенсионеразе ва тӀоцебесеб группаялъул сакъатал гӀадамазе тӀаде гӀарац бачӀиналъул цӀияб къагӀидаги бачӀана. Хасаб чӀараб къадар гӀарцул бачӀуна гьезул пенсиялде тӀаде, щибаб соналъ индексациялде гъорлъеги ккола.

Нахъеги нижеца хъаравуллъи гьабизе ккола сакъатал лъималазе гӀарац кьеялъулги. Гьелда тӀасан хӀалтӀабиги рагӀалде рахъинаруна. СВОялъул гӀахьалчагӀазе гьабулеб хъулухъги букӀуна.

**- Жакъа къоялъ гӀадамазе пенсия чӀезабиялъул хаслъаби кинал ругел?**

- Россиялда чӀезарун руго 3 батӀияб пенсия: страховияб, социалияб ва пачалихъияб. Страховияб чӀезабула официалияб къагӀидаялда хӀалтӀуда рукӀаразе. Цудун гьеб пенсия щолелги руго: пачалихъиял, муниципалиял, рагъулал хӀалтӀухъаби, роржарухъаби-испытателял, космонавтал, захӀматаб ва сахлъиялъе зарал бугеб бакӀалъ хӀалтӀарал, гьединго цӀикӀкӀун хӀалтӀул соназул къадар бугел (42 сон бихьиназе, 37 сон руччабазе).

Страховияб пенсия щвезе стажги гӀолеб гьечӀони, хӀажатал баллалги ратичӀони, федералияб бюджеталдаса хӀалтӀула гьечӀел пенсионеразе социалияб пенсиялъе гӀарац биччала хӀукуматалъ. ЧӀезабураб къадар – 7733,34 гъурущ. Гьеб къадар районнияб коэффициенталда рекъон цӀикӀкӀинеги бегьула. Социалияб пенсиялде унеб заман 5 соналъ хадуб бачӀуна (64 сон руччабазе, 69 сон бихьиназе). 2028-абилеб соналъ – 65 ва 70 сонги ккола.

ХӀалтӀуда гьечӀел пенсионеразе индексация гьабула улкаялда бугеб инфляциялъул хӀисабги гьабун. 2025-абилеб соналъул январалда страховияб пенсия цӀикӀкӀинабуна 7,3% 1-себ апрелалдаса социалияб пенсияги цӀикӀкӀине буго. Гьелъул къадарги 15 250 гъурущибе бахуна. 2025-абилеб соналдаса хӀалтӀуда ругел пенсионеразулги цӀикӀкӀине руго страховиял пенсиял.

Пенсиялъул къадар чӀезабиялъулги буго гьадинаб иш: страховияб пенсия бараб букӀуна пенсионер кигӀан заманалъ хӀалтӀаравали, кигӀан гьезие щолеб букӀараб харж. Гьезул взносал цӀикӀкӀанагӀан, гьезие пенсиялъул балл цӀикӀкӀун щола. Гьелъул хӀасилалда рекъон гьабула пенсия чӀезабиялъулги хӀукмуги.

Херлъиялда бан страховияб пенсия кьезе гӀарза хъвазе ккола пенсиялде ине ригь щвелалде цо моцӀ хутӀараб мехалда. Сбербанк Онлайналдасан яги банкалъул филиалалдасан гӀарза хъвалеб мехалда хӀажалъула Госуслуги порталалъул учётная запись.

Нижер филиалалде яги МФЦялде рачӀун гӀарза хъвалеб бугони хӀажалъула: паспорт, СНИЛС, хӀалтӀул книжка яги СТД-Р справка. Гьединго нужеца гъорлъе жубазе бегьула нужерго хасаб хӀалтӀул хӀалбихьиги тасдикъ гьабулел бокьарал документалги (масала, лъимал гьариялъул отпускалъул стаж гӀезе лъимал гьариялъул свидетельствал). Гьел документал нужер индивидуалияб счеталъул выпискаялда жанир ругел ратани, гьел ракӀаризе кколаро. 2002-абилеб соналъул 1-себ январалде щвезегӀан жигарго хӀалтӀулел рукӀун ратани, гьединго кьезе ккола гьеб къоялде щвезегӀан бокьараб 60 моцӀалъ тӀатӀалаго щвараб харжалъул справка.

**- Лъие ихтияр бугеб цудунго пенсиялде ине?**

- Цебеккунго пенсия щвезе ихтияр бараб букӀуна ригьалда, страховияб ва хасаб хъулухъалъулал соназул гӀаммаб къадаралда, ва хасаб хъулухъалъул, пенсиялъул коэффициентазда, махщелалда, лъималазул къадаралда.

**- 5. ХӀалтӀула рукӀинчӀел кинал болжалал рикӀкӀине бегьулел пенсия щвезе сталъе ине рес бугеллъун?**

- Гьел руго чангоял, амма дица бищунго кӀвар бугел рехсела: рагъулаб хъулухъ гьабулеб заман; сакъатлъиялъул заманалда тӀадаб социалияб страхованиялъул пособиял щолеб заман; щибаб лъимералъул лъагӀелгун бащдаб базегӀан эбел-инсуца гьабулеб хъулухъалъул болжал; хӀалтӀи гьечӀолъиялъул пособие щолеб заман; I группаялъул инвалидасе, сакъатаб лъимералъе, яги 80 соналде вахарасе хӀалтӀизе рес бугев чияс гьабулеб хъулухъалъул болжал ва гь.ц.

**- Эбелалъул капиталалъул сертификат щвеялъул хӀакъалъулъги бицани бокьилаан, кинал хиса-басиял ккарал ва кин гьеб гӀарац жакъа хӀалтӀизабизе бегьулеб?**

- 2026-абилеб соналъул 1-себ февралалдаса байбихьун эбелалъул капиталалъул къадар цӀикӀкӀинабизе буго 6,8%, инфляциялъул прогнозалда рекъон. Гьанже гьеб гӀарац кьолеб буго тӀоцебесеб лъимер гьабидалги, цебе кӀиабилеб яги лъабабилеб лъимералъухъ гурони кьолеб букӀинчӀониги.

Эбелалъул капитал хӀалтӀизабизе ккани, цин босизе ккола сертификат. 2020-абилеб соналъул апрелалдаса сертификат, Пенсиязулгун социалияб страхованиялъул фондалъул территориалияб идараялъ электронияб къагӀидаялда хӀадур гьабун, Госуслугаялдасан гьеб щварав чиясухъе битӀула. Гьединго босизе бегьула кагътил свидетельство яги свидетельство кьураб баян (выписка).

Эбелалъул капитал хӀалтӀизабизе бегьула лъималъул цӀалуе. Лъай кьеялъул идара букӀине бегьула бокьараб даражаялъул, ясли-ахалдаса байбихьун вузалде щвезегӀан. ГӀарац хӀалтӀизабизе бегьула лъимер гьабун хадубго ясли-ахалде гӀарац кьезе, амма цогидал хӀужабазда гьеб хӀалтӀизабизе бегьуларо лъимералъ лъабго сон тӀубан хадуб гурони.

Рукъзабазул шартӀал лъикӀлъизари. Гьеб буго эбелалъул капиталалдаса бищунго машгъураб хӀалтӀизаби: хъизаназул 70% тӀаса бищула гьеб. Квартираби къачӀай рикӀкӀунаро рукъзабазул шартӀал лъикӀлъизарилъун. Эбелалъул капитал хӀалтӀизабизе бегьуларо хӀинкъи бугеб, гӀумру гьабизе бегьулареб, бихххизабизе яги цӀигьабизе кколеб рукъзал росизе яги къарз бецӀизе.

**- Хасал рагъулал операциязул гӀахьалчагӀазе кумек гьабиялъулги рехсон букӀана дуца, цудагьаб гӀатӀидго бицинарищ гьелъул хӀакъалъулъ?**

- Социалияб фондалъ хасаб кӀвар кьола СВОялъул гӀахьалчагӀаздехун ва гьезул хъизамаздехун. СФРялъ кӀванагӀан бигьалъизабун буго гӀарац гьезие щвеялъул ва хъулухъ гьабиялъул иш, гӀемерисел хъулухъал гьарулел руго гӀарза гьечӀого.

СВОялъул ветераназе квербакъиялъул тадбирал: Социалияб фондалъул реабилитациялъул центразда чӀобого медицинаялъулаб реабилитация ва курорталъулаб дару гьаби; рагъул ветераназе щибаб моцӀалъ гӀарац кьей; рагъулаб лъукъиялъухъ пенсия, гьединго, рагъулаб борч борхулаго сакъатлъиялда бан, гӀарац кьей; реабилитациялъул алатал щвей ва гь. ц.

**- ГӀадамал къабул гьариялъул график щиб нужер?**

- Итни къо, талат къо, арбагӀ къо, хамиз къо: радал сагӀат 9:00 - къаси сагӀат 18:00 тӀубазегӀан (гъоркьоб къотӀичӀого); рузман къоялъ: радал 9:00 - къаси 16:45 тӀубазегӀан (гъоркьоб къотӀичӀого). ГӀадамазе санагӀалъиялъе гӀоло къаде кваналеб заманалда дежурствоялда вукӀуна цо специалист. Гьединго щибаб моцӀалъул ахирисеб шамат къоялъ радал сагӀат ичӀгоялдаса сагӀат лъабгоялде щвезегӀан дежурствоялда вукӀуна нижер цо хӀалтӀухъан.

**- Районцентралде рачӀине рес гьечӀел, цифровияб къагӀидаялда гӀарза кьезе лъаларел бакълъулазе хъулухъ гьабиялъул иш гӀуцӀун бугищ?**

- Сахлъиялда бан СФРялде рачӀине бажаруларел гӀадамахъе нижго уна. Гьединго гьединаб хъулухъ щвезе рес буго КӀудияб ВатӀанияб рагъул гӀахьалчагӀазе, сакъатал лъималазе, 80 соналдаса тӀаде аразе, лъимерлъиялдасаго I, II группаялъул сакъатазе. Росабалъе ун хъулухъ гьабизе ккани, цебеккунго дандбала, нижехъе гӀарза санагӀалъи бугеб къагӀидаялъ ккезабизе бегьула.

**- ГӀадамаздехун, идарабаздехун гьабизе бокьараб хитӀаб бугищ?**

- Идарабазул нухмалъулездехун гьари буго жиндир заманалда, гьалатӀал гьечӀого нижехъе кьезе кколел отчётал, документал кьеян. Гьелда бараб гӀемер букӀуна, хадубккун пенсиязда ва цогидал рахъазда хурхун бакълъулазе хъулухъ лъикӀ гьабизе ккани.

**Гара-чӀвари гьабуна Зугьра ГӀабдулкъадировалъ**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГӀУМРУ

## ГьитӀинал бакълъулазе паспортал кьуна

### ЦеретӀурал гражданаллъун рахъаги

**ВатӀан цӀунулесул къоялъул хӀурматалда бакълъулазул ракьалда тӀоритӀана батӀи-батӀиял патриотикиял тадбирал. Гьезда гьоркьоса хасго ракӀалда чӀолеблъун букӀана гьитӀинал ракьцоязе пачалихъалъул аслияб документ – паспорт кьей.**

14 сон барал бакълъулазда паспорт щвей баркана ва гьарарахьи гьабуна Бакълъул мухъалда бугеб РФялъул ОМВДялъул миграциялъулаб идараялъул нухмалъулев Шамил ГӀисаевас.

«Паспорталъул кьимат гьабизе, улкаялъул церетӀурал гражданаллъун рукӀине, ракӀбацӀцӀадго цӀализе гьирагун икьбан гьарула дица нужее. Районалъул, Дагъистаналъул цӀар борхатго ккезе бажараги», - ян абуна ГӀисаевас. Гьесул каламалдаса хадуб миграциялъул идараялъул кӀудияй инспектор Аминат Оцомиевалъ цӀалдохъабахъе паспорталгун сайгъатал кьуна.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

ДИН – ХВАСАРЛЪИ

## Сапаралда ругезе – ифтар

### Полициялъулаз гурхӀел-рахӀмуялъул тадбир тӀобитӀана

**Бакълъул мухъалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул ишал тӀуразарулев МухӀамад Нажуевасул жигаралдалъун бакълъулазул полициялъулаз сапаралда ругезе гурхӀел-рахӀмуялъул тадбир – ифтар тӀобитӀана.**



ОМВДялъул хӀалтӀухъабаз баян гьабуна гьединал тадбирал нахъеккунги тӀоритӀизе рукӀин. Районалъул гӀадамазе кӀал биччаялъул тадбирал тӀоритӀизе бакӀ чӀезабун буго муниципалитеталда бугеб «Инсан» фондалъул вакилзабаз.

**«Гумбет» информациялъулаб гӀуцӀи**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# ЧIиркъатIаса Ражаб ГIабдулаев – мисалияв призывник

### Шапакъатал цIикIкIаги

**ЧIиркъатIа росулъа Ражаб ГIабдулаевас тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабулеб буго Россиялъул Яргъилал Къуватазда гъорлъ. Мисалияб хъулухъалъухъ гьев мустахIикълъана баркалаялъул кагътие.**

«ТIад къарал масъалаби яхI-намусалда тIураралъухъ, къвакIиялъухъ, ВатIан цIунулесул къоялъул хIурматалда», - ян хъван буго шапакъаталда.

Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана Ражабида баркалаялъе мустахIикълъи, гьарана гьесие нахъеккунги сундулъго мисалиявлъун вукIине щулияб сахлъигун икъбал.

**Макка МухIамадова**

# График проведения технического осмотра тракторов, самоходных, дорожно-строительных и иных машин и прицепов к ним в МР «Гумбетовский район» РД на 2026 год

| | Наименование организаций | ИНН организации | Код ед. тех. | Дата проведения | Место и время проведения | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ] | СПК «Мехельтинский» | 0509000557 | 7 | 16.03.2026 г. | с. Мехельта, Машинный двор. 9-00 | Магомедов Бекмирза Чалабиевич |
| 2 | СПК (Колхоз) им. «Имама Шамиля» | 0509106703 | 1 | 16.03.2026 г. | е. Аргвани Машинный двор 12-00» ‘ | Алиев Али Сайгидгосенович 89289860468 |
| 3 | СПК (Колхоз) им.«Цилитлинский» | 0509106715 | 6 | 16.03.2026 г. | с. Цилитлъ Машинный двор 14-00 | Гимбатов Адилби Расулович 89280584346 |
| 4 | СПК «Цундинский» | 0509001173 | 1 | 16.03.2026 г. | с..Цунди Машинный двор 16-00 | Набигудаев Ахмед Набигулаевич |
| 5 | СПК (Колхоз) «Данухски» | 0509106842 | 4 | 17,03.2026 г. | с. Данух по согласованию с орг анами гостехнадзора Машинный двор 9-00 | Абдулгамидов Абдурахман Магомедрасулович 89887758406 |
| 6 | Администрация сельского поселения с. Гадари | 0509007778 | 1 | 04.06.2026 г. | с. Гадари по согласованию с органами гостехнадзора 8-00 | Мухумаев Абдула Магомедсултанович 89280457595 |
| 7 | Администрация сельского поселения с. Тлярата | 0509005756 | 1 | 04.06.2026 г. | с. Тлярата по согласованию с органами гостехнадзора 9-00 | Залумханов Анвар Магомедович |
| 8 | Администрация СП «Сельсовет «Мехельтинский»» | 0509005844 | 2 | 04.06.2026 г. | с. Мехельта по согласованию с органами гостехнадзора 10-00 | Абдунасиров Магомед Ахмедович 89285661894 |
| 9 | ООО «Рахмат» | 0509006830 | 1 | 04.06.2026 г. | с. Мехельта по согласованию с органами гостехнадзора 11-00 | Саидов Нажмудин Магомедович 89285204560 |
| 10 | ООО «ЮГ-ГИПС» | »О5090Q5629 | 2 | 04.06.2026 г. | с. Мехельта по согласованию с органами гостехнадзора 12-00 | Косов Станислав Сергеевич 89285967118 |
| 11 | Администрация сельского поселение с. Нижнее Инхо, | 0509005837 | 1 | 04.06.2026 г. | с. Нижнее Инхо по согласованно с органами гостехнадзора с 14-00 | Расулов Омарасхаб Тажудиновнч 89634039936 |
| 12 | ООО «Чнркатинскнй консервный завод ЖДИ» | 0509106602 | 5 | 04.06.2026 г. | с. Чирката по согласованию с органами гостехнадзора 15-00 | Абдулхалимов Гаджимурад Гаджиявович |
| 13 | Администрация СП «Сельсовет «Арадирихский»» | 0509005876 | 1 | 04.06.2026 г. | с. Арадирих по согласованию с органами гостехнадзора с 16-00 | Джамалуданов Джамадудин Набиевич |
| 14 | Прикутанные х-ва Гумбетотского района Бабаюртовской зоны РД | | | с.16.03.2026 г. по 17.03.2026 г | Машинный двор по согласованию с органами гостехнадзора с 9-00 до 1800 | Руководители учреждений, организаций. |
| 15 | Фго. лица ООО, ИП, КФХ и тд. всего | | 57 | В течение года | По согласованию с органами гостехнадзора с 9-00 до 18-00 | Владельцы самоходных машин |

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

**РЕШЕНИЕ № 5**

**24. 02. 2026 г.**

**Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Килятль» в новой редакции**

В соответствии с Уставом сельского поселения «Село Килятль» Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

**РЕШАЕТ:**

1. Утвердить Положение о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Килятль» в новой редакции согласно приложению к настоящему решению.
2. Признать утратившим силу Решение Собрания депутатов сельского поселения «Село Килятль» от «30» декабря 2023г. №3 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Килятль» с момента вступления настоящего решения в силу.
3. Настоящее решение опубликовать в газете «Гумбет» и разместить в разделе администрации сельского поселения «Село Килятль» на официальном сайте органов местного самоуправления МР «Гумбетовский район» в сети «Интернет».

3. Настоящее Решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Килятль»**

# Сообщение территориальной избирательной комиссии Гумбетовского района

**Руководствуясь пунктами 12 и 14 Порядка формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденного постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6 (далее - Порядок), территориальная избирательная комиссия Гумбетовского района сообщает о сборе предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых избирательных комиссий (далее - УИК), сформированных на территории Гумбетовского района.**

Приём предложений осуществляется в период с 10 по 20 марта 2026 года территориальной избирательной комиссией Гумбетовского района:

| Номера УИК | Адрес территориальной избирательной комиссии |
|---|---|
| **0255-0282** | **Гумбетовский район, с.Мехельта. ул.Имама Шамиля, д.8** |

При внесении предложений и подготовке документов по кандидатурам для зачисления в резерв составов участковых комиссий следует руководствоваться Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением ЦИК России от 5 декабря 2012 года № 152/1137-6, с которым можно ознакомиться на официальных сайтах Центральной избирательной комиссии Российской Федерации и Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет». Ограничений по количеству кандидатур от каждого субъекта права внесения предложений для дополнительного зачисления в резерв составов участковых комиссий не устанавливается.В резерв составов участковых комиссий не зачисляются кандидатуры, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 (за исключением подпунктов «ж», «з», «и», «к» и «л») Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

**Территориальная избирательная комиссия Гумбетовского района**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

# Проводится конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

**Решением Собрания депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо», в связи с истечением срока полномочий главы сельского поселения «Село Нижнее Инхо», принято решение об объявлении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Нижнее Инхо».**

1. дата, время проведения конкурса–19.03.2026 года в 11:00 ч.

2. место проведения конкурса- 368935, Республика Дагестан, Гумбетовский район, село Нижнее Инхо, Эрдахская ул., д. 40, здание администрации сельского поселения «Село Нижнее Инхо».

3. условия проведения конкурса – приведены в Положении о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

4.срок приема документов – дата начала – 27 февраля 2026г. Дата окончания – 18 марта2026г.

5.место и время приема документов, подлежащих представлению в конкурсную комиссию - РД, Гумбетовский район, село Нижнее Инхо, здание администрации сельского поселения «село Нижнее Инхо» с 9ч.00м. до 17ч.00м. каждый рабочий день.

6. перечень документов, для участия в конкурсе и требования к их оформлению:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы муниципального района по форме согласно приложению 1к настоящему Положению.

В заявлении указываются фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), гражданство, сведения о профессиональном образовании (при наличии) с указанием организации, осуществляющей образовательную деятельность, года ее окончания и реквизитов документа об образовании и о квалификации, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий).

Если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Кандидат вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения.

Если у кандидата имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости кандидата, а если судимость снята или погашена, - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2) к заявлению, предусмотренному подпунктом 1 пункта

26 настоящего Положения, прилагаются:

копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что кандидат является депутатом.

3) сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 2 к настоящему Положению.

4) сведения о принадлежащем кандидату, его супругу и несовершеннолетним детям недвижимом имуществе, находящемся за пределами территории Российской Федерации, об источниках получения средств, за счет которых приобретено указанное имущество, об обязательствах имущественного характера за пределами территории Российской Федерации кандидата, а также сведения о таких обязательствах его супруга и несовершеннолетних детей;

5) сведения о своих расходах, а также о расходах своего супруга и несовершеннолетних детей по каждой сделке по приобретению земельного участка, другого объекта недвижимости, транспортного средства, ценных бумаг, акций (долей участия, паев в уставных (складочных) капиталах организаций), совершенной в течение последних трех лет, если сумма сделки превышает общий доход кандидата и его супруга за три последних года, предшествующих совершению сделки, и об источниках получения средств, за счет которых совершена сделка.

6) письменное уведомление о том, что он не имеет счетов (вкладов), не хранит наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, не владеет и (или) не пользуется иностранными финансовыми инструментами;

7) согласие на обработку персональных данных согласно приложению 3 к настоящему Положению.

7. дополнительную информацию о конкурсе можно получит по адресу: РД, Гумбетовский район, село Нижнее Инхо, здание администрации сельского поселения «Село Нижнее Инхо» или по телефону: 8 93030100 00

**Собрание депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо»**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

**Решение № 3**

**18. 02. 2026 г.** **с. Нижнее Инхо**

## О конкурсе на должность главы сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

**В соответствии со статьей 36 Федерального закона, от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», на основании Устава МО «Село Нижнее Инхо» и Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Нижнее Инхо», утверждённого решением Собрания депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо» от 30.12.2024№ 8 Собрание депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо»**

Решает:

1. Объявить конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Село Нижнее Инхо».

2. Установить дату и время проведения конкурса 19.03.2026 года в 11-00 ч.

Конкурс провести в администрации СП «Нижнее Инхо».

3. Конкурс проводится в соответствии с условиями, определёнными Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы СП «село Нижнее Инхо».

4. Определить срок приема документов для участия в конкурсе с 27.02.2026г. по 18.03.2026г.Место приема документов – здание администрации СП «Село Нижнее Инхо» (конкурсная комиссия).

5. Общее число членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП "Село Нижнее Инхо» установить в количестве 6 человек.

6. Назначить членами конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы СП «Село Нижнее Инхо» следующих лиц:

1)Магомедова Ахмеднаби Абдулаевича

2)Магомедова Магомедрасула Магомедовича

3)Сайгитова Шамиля Магомеднуровича

7. Направить настоящее решение Главе МР "Гумбетовский район» для назначения второй половины состава конкурсной комиссии.

8. Опубликовать настоящее Решение в газете «Гумбет» и разместить на официальном сайте муниципального района в сети «Интернет».

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Нижнее Инхо»**

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

**РЕШЕНИЕ № 4**

**24. 02. 2026 г.** **с. Килятль**

## Об отмене муниципальных нормативных правовых актов

По результатам рассмотрения протестов заместителя прокурора Гумбетовского района №02-06/02/прдп21-26 от 22.01.2026 года и №02-06/02/прдп22-26 от 22.01.2026 года, в связи с выявленными обстоятельствами, свидетельствующими о том, что избрание главы сельского поселения «Село Килятль» было проведено на основании положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения, утратившего силу, и в целях приведения деятельности органов местного самоуправления в соответствие с требованиями действующего федерального законодательства, руководствуясь Уставом сельского поселения «Село Килятль», Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

РЕШИЛО:

1. Отменить Решение Собрания депутатов сельского поселения «Село Килятль» №1 06.10.2025 года «О конкурсе на должность главы сельского поселения «Село Килятль»

2. Отменить Решение Собрания депутатов сельского поселения «Село Килятль» №2 от 09.11.2025 года «Об избрании главы сельского поселения «Село Килятль»

3. Возложить временное исполнение обязанностей главы сельского поселения «Село Килятль» на заместителя главы администрации Заирбегова Магомеда Израиловича с «25» февраля 2026 года до избрания главы сельского поселения «Село Килятль».

4. Настоящее решение подлежит официальному опубликованию путем размещения на официальном сайте органов местного самоуправления МР «Гумбетовский район» в сети «Интернет» и вступает в силу со дня его принятия.

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Килятль»**
**А.Т. Каримов**

Бетlерав редактор: ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.